



konferanz
menonit
MOZAYIT

REFLÉ

PRENTAN 2021

Premye Asanble Mozayik

andirèk nan Zoom soti depi Orlando

Delege yo te bay benediksyon nan imaj vityèl lè 8 kongregasyon nan Florida te antre nan konferans Mozayik la lè te gen Asanble nan ane 2020 an.



Moderatè Ken Burkholder te kondwi delege yo nan yon sesyon biznis. Se Emily Ralph Servant ki te pran foto a.

Premye Asanble Mozayik

andirèk nan Zoom soti depi Orlando

Premye Asanble anyèl Konferans Menonit Mozayik la ki te fèt 7 pou 8 Novanm 2020 se pa yon bagay youn lan nou te janm imajine nan lè li te fèt la epi menm nan koumansman ane sa a. Te gen 200 moun ki te rankontre ansanm nan zoom nan Samdi nan kay san yo pat deplase, nan biwo yo, nan machi n yo epi tou nan lokal Iglisia Menonita Luz y Vida nan Orlanda, Florida pou yon sesyon biznis kondanse.

Kòm Zoom te ban nou mwayen pou n te ka rasanble ansanm, nou te manke anpil nan fason nou konn anbrase youn ak lòt, nan fason nou konn bay youn ak lòt lanmen, nan fason nou konn pataje amou nou gen youn pou lòt espesyalman lè nap manje ansanm manje ki soti nan diferan kilti ki nan Konferans lan. Nou sonje lè nou konn chante ansanm nou tribiche lè nap chante ak lòt moun ki pa pale menm langaj avèk nou. Anmenm tan, travay legliz la ap kontinye, wayòm Bondye a parèt epi pwolonje nan 2 zèd tan nou te pase ansanm yo.



▲ Jerans Ministè a Aldo Siahaan (Sant Louanj Philadelphia) ak Asistan Moderatè a Angela Moyer Walter (Kongregasyon Ripple nan Allentown, PA) se yo menm kite responsab sèvis adorasyon dimanch maten an nan Asanble 2020.

ADORASYON DIMANCH te fèt nan yon mizik ki nan plizyè lang ki te dirije sot nan yon kòt ale nan yon lòt kòt, istwa pou ti moun yo, te gen “koral vityèl” la ki te resite priyè Seyè a te moutre a, nou te pran tan pou n te onore nouvo dirijan ki kalifye yo. Sekretè jeneral nan konferans mondyal la Cesar Garcia te bay yon mesaj ki te enpòtan pou tan pa nou an, ki te lanse yon defi pou nou pran swen youn lòt epi sèvi kòm temwen pou wayòm Bondye a “ Sou tè a menm jan ak nan syèl la” (tèm asanble a) tou de nan mitan divèsite Konferans lan ak kontèks moman toubiyon an.

Se gras ak lapè ki fè nou kapab ale jwen tout moun soti nan Florida ale jiska Vermont, New Jersey jiska California. Nou bezwen kontinye viv ansanm kòm temwen Jezi, “ sou tè a ak nan syèl la.”

◀ Tami Good ki nan Kongregasyon Swamp (Quakertown, PA) lanse yon defi bay tout timoun yo (ak granmoun yo) pou nou rete nan rèv Bondye genyen pou lèzòm lè nou te nan adorasyon vityèl la.



Drane Reynolds(Legliz Menonit Homestead), Josue Gonzalez(Iglesia Menonita Encuentro de Renovacion) ak Amy Grimes(Legliz Menonit Homestead) te rankontre nan Luz y Vida nan Orlando, Florida yo te kondanse sesyon biznis la ansanm. Se Emily Ralph Servant ki te pran foto a.

“Nan moman kote ki gen anpil boulvès, travay Bondye ap toujou kontinye.”



Biwo Konferans lan mete ajou

NOUVO LOKAL pou biwo Konferans Mozayik te ouvè dènyèman nan Sant Longacre(sèlman koupe Detwiler Road) nan Campus Dock Mennonite Academy nan Lansdale,PA.

Nan Biwo Mozayik la yo travay Lendi jiska Vandredi 9 nan maten jiska 3 zè 30 nan aprè midi. Jouk kounye a anplwye yo kontinye ap travay lakay yo, si ou bezwen fè yon randevou, wap bezwen rele anvan ou pase nan biwo a.

Biwo a bezwen pentire, nou ap tann pou nou travay la, fè rankont epi resevwa moun nan nouvo biwo a ak nan tout lòt chanm reyinyon yo.



▲ Pastè Asosye Hendy Matahelemual (kite) sèvi ak espas biwo a pou reyinyon. Se Hendy Matahelemual ki te fè foto a.

Evèman nan Mozayik yo genyen ki sou entènèt genyen tou ki pa sou entènèt...

Ki moun ki pra l temwaye?

WEBINÈ VITYÈL AK LIV POU ETIDYE

EKIP ENTÈKILTIRÈL MOZAYIK LA ap fè yon entèvyou ak Doktè Drew Hart sou liv li ekri a, ki gen tit Ki moun ki pra l Temwen? pou n ka jwen mwayen pou nou chak ka viv pou Jezi jan nou dwe viv.

Pastè yo ak dirijan yo te envite pou yo patisipe nan ekip entèkiltirèl Konferans pou yo ka etidye liv la nan gwoup ansanm. Gen gwoup ki gentan ap li liv Doktè Hart la epi ki koumanse ak diskite l yo gentan gen 5 sesyon chak mwa yo sèvi ak gid Terrance Hawkins lan.



Se Terri Nyce ki te fè foto a.



Konpetisyon nan eskilti nèj

JÈN YO TE GEN AKTIVITE DEYÒ NAN SEZON IVÈ A

3 FEVRIYE, te gen 6 gwoup jèn moun ki te rasanble anba direksyon Konferans Mozayik la pou fè konpetisyon nan eskilti nèj. Nou bay Jèn nan Legliz Zion ki nan (Souderton,PA) (foto yo parèt) felisitasyon paske yo genyen dragon an, sa te bay yo dwa pou yo te fè yon bèl sware ap manje pizza.



Se Hendy Matahelemual ki te fè foto a.

Nan moman violans kont Azyatik Ameriken:

Nou pataje angajman nou

SE STEPHEN KRISS, PASTÈ EKZEKITIF LA KI DI SA

Nan ane ki pase a, genyen yon ogmantasyon nan violans kont moun ki soti nan zòn Aziatik yo ki nan etazini. Mwen gen Kòlèg mwen, Hendy Matahelemual ki te ekri yon bagay sa pa fè lontan, li te di prejije sa yo ak violans yo pa nouvo, men gen yon nouvo revèy nan konsyans moun yo.

Nan Konferans Mozayik la, nou genyen preke 12 kongregasyon ki afilye ak Konferans lan, epi majorite manm nan kongregasyon sa yo se moun Aziatik yo ye. Kominote Aziatik yo ak dirijan yo ogmante epi wòl yo jwe a moutre idantite Mozayik yo. Kominote Aziatik yo pote bon ide nan Evanjelizasyon, nan Kominote a, nan fè disip, nan koneksyon global, ki lanse yon defi epi ki ede ak lide pou nou konprann vwazinaj nou ak fanmi bò kote nou.

Kòm pastè Ekzekitif nan konferans nou an, mwen souliye angajman nou pou Aziatik yo ak kominote yo nan Konferans lan. Nap kontinye fè travay pa nou pou n ka dekouvri diskriminasyon kont pèp Aziatik yo nan konpòtman pa nou ak nan pèspektiv kominal nou. Nou deplore violans kont Aziatik Ameriken yo nan kominote nou yo. Kè nou blese pou tout moun yo fè violans sou yo, nou vle pran tan pou nou tande tout moun kap travèse anpil difikilte ak prejije ak agresyon, ke li te gwo, ke li te piti, bagay sa yo pa bon kont aziatik ameriken yo


Kòm nou se yon Konferans, nou ap kontinye chache mwayen pou nou onore sa nou ye paske nou se yon pati nan Mozayik Bondye a.

Nou se anpil nwa, blan, latino, aziatik epi ak pèp endijèn. Kòm nou se yon pati nan Mozayik la, nou chak nou ansanm nou se yon sèl Bondye transfòme nou pou n ka vi n bèl ansanm.

Nan moman sa a, nou wè prejije lage kont vwazen ak zanmi aziatik nou yo. Nou selebre bèl bagay nan idantite langaj, kilti ak pèsonalite chak Aziatik. Nan chak moun aziatik, nou wè mak men Kreyatè a la dan l ki moutre nou lanmou li kote nou wè nou tout se piti Bondye.



“Nou deplore violans kont Aziatik ameriken nan kominote nou yo. Kè nou fè nou mal pou tout moun ki ap fè viye ekperyans violans sa yo. Nou deside pou nou tande difikilte sa yo ak prejije epi agresyon, kit yo gwo oubyen yo piti sa yap fè kont Aziatik Ameriken yo fè nou mal.”



Bouji ak siy nan yon rasanbleman pou viktim yo, violans kont Aziatik yo eveman sa a te fèt 17 mas nan 10th Street Plaza, Philadelphia. Se Hendy Matahelemual ki te fè foto a.

Mozayik te gen yon webinè an direk 25 Mas: Pou n chache lapè ak jistis nan moman ki gen violans kont Aziatik ameriken yo. Webinè a te fèt nan zoom ak Facebook. ▼



Refè se yon revni Mozayik Konferans Menonit ki parèt chak trimès. Si ou bezwen plis enfòmasyon kontakte: 1000 Forty Foot Rd, Ste. 100, Lansdale, PA 19446 Phone: 267-932-6050 | Email: office@mosaicmenonites.org